

Konsève sa nan machin ou avèk papye asirans e papye anrejistreman machin nan.

### SA OU DWE FÈ LÈ OU NAN YON AKSIDAN MACHIN

1. **KANPE IMEDYATMAN.** Rele lapolis. Pa deplase machin nan si se pa yon danje pou kite li an plas.
2. **RETE KALM.** Pa antre nan diskisyon, pa akize pèsonn ni admèt ou antò.
3. **OUVRI TELEFÒN OU EPI ANREJISTRE TOUT AKSYON AK SA K AP DI** pandan ou ap pale avèk lòt moun ki nan aksidan oswa temwen anka pi devan youn ladan ta vin plede kont sa oumenm oubyen lòt moun te di. Esplike polis la ou pi alèz lè telefòn nan ap anrejistre sa kap pase a.
4. **EKRI NIMEWO** plak, mak ak modèl lòt machin ki nan aksidan an.
5. **PRAN FOTO** tout machin ki nan aksidan an. Eseye pran foto plis pase yon sèl machin nan menm ang lan pou montre pozisyon yo parapò youn ak lòt.
6. **PRAN NON AK ADRÈS** lot chofè yo, temwen ak moun ki pran chòk nan aksidan an.
7. **PRAN FOTO LISANS** ak kat asirans lan si ou kapab. Li kab pran plizyè semèn anvan rapò lapolis la pare.
8. **PA PRESE NI FÈ NI AKSEPTÉ OKENN ÔF POU REGLE KA AKSIDAN AN** sou sèn aksidan an.
9. **POTE YON DEKLARASYON ALEKRI BAY LAPOLIS**, si yo pat vini sou sèn aksidan an. Gen kote lalwa egzijze sa menm.
10. **PRAN SWEN MEDIKAL IMEDYATMAN**, si li nesèsè. Si ou pa kapab, al wè doktè pita, demen oubyen apredemen si doulè a kontinye.
11. **FÈ KONPAYI ASIRANS OU AN KONNEN OU FE AKSIDAN.** Mande yo sa asirans ou an kouvri, si ou asire pou Kolizyon (Collision) ak Pèman Medikal (Medical Payments), Pwoteksyon pou Domaj Pèsonèl (Personal Injury Protection), "No Fault", oubyen Pwoteksyon pou Reparasyon Debaz (Basic Reparations Benefits/BRB).

Avoka a pale Kreyòl ak Panyòl  
Konsiltasyon Gratis  
Yon sèvis pwofesyonèl konplè

**Aksidan Machin**  
**Aksidan Travay**  
**Domaj Pèsonèl**  
ak Imigrasyon



**Philip "Philippe" Berns**  
Attorney at Law

440 Bedford Street  
Stamford, CT 06901  
Tel: (203) 324-2133